ñoom ñaar de ñoo ngi leen di mbugal, te sax mbugaluñu leen ci lu rëy, kenn ki moom daawul suturawu bu daan saw, keneen ki nag da daan dox di rambaaj

Jële nañu ci Ibnu Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne : Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa romb ñaari bàmmeel, daal di wax ne : « ñoom ñaar de ñoo ngi leen di mbugal, te sax mbugaluñu leen ci lu rëy, kenn ki moom daawul suturawu bu daan saw, keneen ki nag da daan dox di rambaaj" mu jël aw xob wu tooy, xar ko ñaari xaaj, roof ci bàmmeel bu ne wenn xaaj, ñu ne ko : yaw Yónente Yàlla bi, lu tax nga def lii ? Mu wax ne : "amaana ñu woyafalal leen fii ak wowuñu».

[Wér na] [Al-buxaariy ak Muslim dëppoo nañu ci génnee ko ci seen ñaari téere yi gën a wér]

Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- dafa romb ñaari bàmmeel daal di wax ne : Boroom ñaari bàmmeel yii de ñoo ngi leen di mbugal; te mbugalewuñu leen ci mbir mu rëy ci seen gis-gis, doonte lu rëy la fa Yàlla, Bu dee kenn ki moom daawul yittewoo sàmm yaramam ak i yéreem ci saw mi bu daan faj aajoom, Keneen ki nag moom da daan dox di rambaaj ci diggante nit ñi, di tuxal waxi keneen ngir jubloo lore ak def ag wuute ak ug mbañeel ci diggante nit ñi.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/3010